Bhaibheri re vana
Rinokupai

Mukadzi paTsime

Rakanyorwa na: Edward Hughes
Rakafanidzirwa na: Lazarus
Rakatorwa na: Ruth Klassen
Rakashandurwa na: Miriam Furusa
Alastair Paterson
Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu navadzidzi vake vakange vachifamba nemunyika ye Samaria. Vakasvika paguta rinonzi Sychar.



Paive netsime ipapo paicherwa mvura yekunwa nevanhu vemuSychar. Jacob, baba vemaIsirairi, ndiye akachera tsime iroro.



3

Masikati aya kwaiva nezuva uye kuchipisa. Nekuneta, Jesu akagara pasi pedyo nepatsime vadzidzi vachinotenga chikafu muguta reSychar.



4



Jesu akange ari oga-asi kwete kwenguva yakareba. Pane mukadzi aigara muSychar akauya kuzochera mvura. "Ndipewo mvura Jesu akadaro kwaari."

5

Mukadzi uya akashamisika. "Ko seiko iwe, muJudha, wakumbira mvura kuneni mukadzi muSamaria?" akadaro. Mumazuva iwayo, maJudha aive asina kudyidzana nemaSamaria.



6

Mudzimai akanyanya kushamisika apo Jesu paakati, "Dai waiziva kuti Ndini Ani ungadai wakumbira mvura yeupenyu kwandiri."



7



Mukadzi akati kuna Jesu, "Changamire hamuna chekucheresa mvura, tsime iri rakadzika. Ko mvura yeupenyu iyi munoitora kupi? Ko muri mukuru here kuna baba vedu, Jacob, vakatipa tsime iri...?"

8



"Uyo anonwa mvura iyi uchava nenyota zvakare," Jesu wakataurira mudzimai. "Asi uyo anonwa mvura yandinomupa haangazovi nenyota zvakare. Mvura yandichamupa … ichava tsime yemvura inopfachuka kusvika muupenyu husingapere."

"Changamire, ndipeiwo mvura iyi…" mukadzi akadaro.

9

Jesu akakumbira mudzimai kuti adane murume wake. "Handina murume," mudzimai akapindura. "Wakaita varume vashanu," Jesu akapindura. "Waiuyinaye iyezvino haasi murume wako."



10

Mukadzi akacherechedza akaona kuti Jesu waiva muporofita. Akaedza kuti Jesu aite nharo naye nezvenzvimbo yekunamatira Mwari: Jerusarema kana gomo dzvene remaSamaria. Jesu akataura kuti vatendi vechokwadi vanonamata Baba mumweya nemuzvokwadi.



11

"Ndinoziva kuti Mesiya ari kuuya," mukadzi akadaro kuna Jesu. "Paachauya achatiudza zvinhu zvese."

"Ini ndinotaura newe ndini Iye," Jesu akamuudza. Ipapo vadzidzi vakabva vadzoka. Mukadzi akasiya chirongo chake chinodhura akadzokera kuguta.



12

"Huyai, muone Murume andiudza zvese zvandakamboita," mukadzi akataurira varume vemuSychar. "Kuti ndiye Kristu here?" Varume vakabuda muguta kuti vanozvionera Jesu vega.

13

Panguva iyoyo, vadzidzi vakaudza Jesu kuti adye. Asi Jesu akati, "Kudya kwangu kuita kuda kwababa vangu vakandituma uye kupedzisa basa ravo." Basa rake raiva rekuunza vanhu kuna MWari.



14

Vazhinji vemuSamaria vakatenda maari nekuda kweshoko remudzimai uyu. Vakakumbira Jesu kuti agare navo; akabva agara ikoko kwemazuva maviri.



Vamwe vakawanda vakatenda nekuda kweshoko raJesu. Vakati , "...Tazvinzwira tega uye taziva kuti ndiye Kristu, muponesi wepasi rose."

Mukadzi paTsime

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

John 4

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

I 47

M 60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16